



Kisa Gyadya ye?

Gyadya se yon parazit ki lakòz yon maladi ki rele lanbliyaz. Nou jwenn Gyadya nan tout peyi, nan Etazini tou.

Kisa sentòm lanbliyaz yo ye?

Sentòm ki pi komen yo se dyare, gaz, lakranp nan vant, feblès, pa gen apeti, ak pèdi pwa. Sentòm lanbliyaz yo anjeneral devlope 1 a 3 semèn apre premye kontak la. Sentòm yo ka dire 2 a 6 semèn. Si yo rete san trete, sentòm yo ka dire pi lontan toujou.

Èske tout moun ki enfekte ak Gyadya vin malad?

Non. Gen moun ki gen dwa pa gen sentòm ditou.

Kouman Gyadya simaye?

Gyadya soti nan pou pou moun ki enfekte. Lòt moun pran Gyadya nan manje mikwòb la. Kèk fason enfeksyon an ka simaye se:

- Vale Gyadya nou pran kote ki kontamine (tankou twalèt, tab pou chanje kouchèt, bokit pou lage kouchèt, oubyen jwèt) ki genyen pou pou yon moun oubyen yon bèt ki enfekte
 - Bwè dlo oubyen sèvi ak glas ki fèt ak dlo ki soti kote ki kontamine ak Gyadya (tankou dlo nan lak, ravin oubyen pi ki pa trete oubyen ki pa byen trete)
 - Vale dlo nan benyen oubyen jwe nan dlo ki kontamine ak Gyadya, sitou nan lak, rivyè, sous dlo, letan, ak ravin yo
 - Manje sa ki pa kwit epi ki gen Gyadya
 - Pran kontak ak pou pou yon moun ki malad ak lanbliyaz
 - Vwayaje nan peyi kote lanbliyaz komen
- Li pa posib pou vin enfekte nan kontak ak san

Ki moun ki ka genyen Gyadya?

Nenpòt moun ka genyen lanbliyaz. Moun ki pi fasil enfekte yo se:

- Timoun nan anviwònman gadri, sitou timoun yo ki nan laj kouchèt
- Kontak etwa (tankou moun ki ap viv nan menm kay) oubyen moun ki ap pran swen moun ki malad ak lanbliyaz
- Moun ak sak nan do, randonè, ak kanpè ki bwè dlo ki pa trete epi ki pa pratike bon ijyèn (tankou byen lave men)
- Moun ki vale dlo pandan yo ap naje oubyen jwe nan dlo lwazi kote ki gen Gyadya, sitou nan lak, rivyè, sous dlo, letan, ak ravin yo
- Vwayajè entènasyonal yo
- Moun ki pran kontak ak pou pou moun (poop) nan kontak seksyèl

Èske bèt nan kay yo ka simaye Gyadya?

Risk pou moun pran enfeksyon Gyadya nan chen oubyen chat piti. Anjeneral tip Gyadya ki enfekte moun se pa li menm ki enfekte chen ak chat.

Kouman yo dyagnostike Gyadya?

Si ou panse ou gen *Gyadya*, pale ak doktè ou. Yo pral fè tès ak echantiyon pou pou ou nan laboratwa. Laboratwa a pral gade echantiyon an ak yon mikwoskòp oubyen lòt tès pou wè si pa gen okenn parazit *Gyadya* ladan li.

Kouman pou mwen anpeche Gyadya?

- Toujou lave men ou pou piti 20 segonn ak savon ak dlo anvan ou prepare manje oubyen manje, apre ou fin sèvi nan twalèt, apre ou fin chanje kouchèt, oubyen apre ou fin okipe bèt kay ou yo.
 - Ede timoun oubyen lòt moun ki sou kont ou yo lave men yo lè yo bezwen.
 - Si savon ak dlo pa disponib, sèvi ak dezenfektan pou men ki baze ak alkòl.
- Pa bwè dlo san trete ki soti an plen è tankou lak, rivyè, sous dlo, letan ak ravin.
 - Si ou pa sèten dlo a pwòp, bwè dlo nan boutèy oubyen dezenfekte dlo tiyo nan chofe li pou 1 minit jiskaske li byen bouyi.
- Pa vale dlo pandan ou ap naje oubyen jwe nan dlo tankou lak, rivyè, sous dlo, letan ak ravin. Swiv prensip jeneral pou sekirite manje tankou:
 - Sèvi ak dlo ki pwòp epi ki trete pou lave tout manje tankou fwi ak legim.
 - Evite manje sa ki kri oubyen ki pa kwit lè nap vwayaje nan peyi kote yo pa byen trete manje ak dlo.
 - Aprann plis nan www.bphc.org/foodpoisoning
- Si ou ap okipe yon moun ki gen *Gyadya*, fwote men ou ak savon ak dlo apre kontak ak pou pou moun nan (pa egzanp, apre chanje kouchèt). Jete byen vit ak anpil swen nenpòt materyèl ki te kontamine ak pou pou. Toujou lave men ou apre yon kontak konsa.

Èske gen règleman sante pou moun ki gen Gyadya?

Wi. *Gyadya* se yon maladi ki ka simaye bay lòt moun, konsa responsab pou swen sante nan Boston gen obligasyon devan lalwa pou rapòte ka *Gyadya* bay Komisyon Sante Piblik Boston. Nan bi pou pwoteje piblik la, travayè nan biznis ki gen pou wè ak manje ki gen lanbliyaz pa dwe al travay jiskaske yo pa gen dyare epi yon tès laboratwa ki fèt ak echantiyon pou pou montre pa genyen parazit *Gyadya*.

Biznis ki gen pou wè ak manje se restoran, bistwo, kuizin nan lopital, makèt, ak izin pou transfòmasyon manje. Règleman sa a tou se pou travayè nan lekòl, pwogram rezidansyèl, gadri, ak kote yo bay swen sante ki bay kliyan manje, swen bouch, oubyen ki bay medikaman.

